

Chapit 2. Administrasyon jeneral Seksyon 2.035

Regleman 2.035 Pwomosyon byennèt

Objektif

1. Regleman sa a tabli pou kab satisfè kondisyon egzijans yo dapre Lwa piblik 108-265 § 204 (2004) (42 U. S. C. remake § 1751) ak seksyon lwa 1003.453(1) Eta Florid ki deklare distri lekòl yo dwe adopte yon prensip lokal "byennèt general nan lekòl yo" pou ankouraje bon sante elèv yo ak pou redui obezite enfantil, menm jan pou ankouraje byennèt anplwaye distri yo tou.

Prensip

2. Sistèm lekòl Distri a ap gen pou angaje elèv yo, paran yo, pwofesè yo, pwofesyonèl sèvis manje yo, pwofesyonèl lasante yo ak lòt manb nan kominote a ki enterese pou aplike, kontwole ak revize prensip nitrisyon ak aktivite fizik jeneral Distri a genyen, ak rekòmande pou devlope amandan nesès pou regleman sa a ak plis prensip sou kondisyon byennèt yo.
3. Konsèy administrasyon Distri a angaje li pou tabli lekòl yo yon anviwònman ki ankouraje elèv aprann ak devlope yon seri abitud pou byennèt yo pou dire tout lavi yo. Sistèm Distri lekòl la dwe fè pwomosyon anviwònman lekòl ki ankouraje ak pwoteje sante timoun yo, byennèt yo, aptitud pou yo aprann lekòl nan sipòte nitrisyon ki bay bon sante ak aktivite fizik.
4. Anviwònman lekòl la dwe sen, konfòtab ak estetikman atreyan; epitou lekòl yo dwe bay elèv yo bon kou tan ak jwenn ase espas pou yo manje. Manje oswa aktivite fizik pa dwe sèvi kòm rekonsanpans ni pinisyon, sof si sa ta mansyone an detay nan plan edikasyon pèsonèl yon elèv (IEP); sepandan, deklarasyon sa a ki mansyone a, pa dwe fèt ak entansyon pou entèdi ni limite yon seri kalite aktivite lekòl tankou dejene oswa dine distenksyon pou konplimante efò ki fèt yo oswa aktivite fizik anplis tankou pwomnad kote elèv ap gen pou patisipe nan yon kèlkonk aktivite fizik.
5. Pwogram nitrisyon timoun yo nan distri a dwe konfòm legalman ak egzijans federal, lwa leta ak lwa lokal yo. Nitrisyonis pwofesyonèl ki kalifye pou timoun yo dwe founi bon manje nourisan moun kapab pwokire yo, ki gen bon gou, byen prezante, tout timoun kab jwenn pou manje. Pwogram nitrisyon pou timoun yo dwe ankouraje pratik bon sante kòm garanti prezans regilyè lekòl ak bon edikasyon lakay elèv yo.
 - a. Nan nivo maksimòm sa posib, tout lekòl yo dwe patisipe nan pwogram federal sou nitrisyon pou lekòl ki disponib yo (enkli pwogram manje maten pou lekòl yo, pwogram nasyonan manje midi pou lekòl yo (ki gen solobab yo bay apre klas yo ladan), pwogram sèvis manje pandan granvakans ak pwogram swen manje pou timoun ak granmoun).
 - b. Pwogram nitrisyon pou timoun yo dwe konfòm legalman ak egzijans federal, lwa leta ak lwa lokal yo konsènan bon kondisyon manje yo ak mezi sekirite ki genyen ladan yo: Prevansyon kondisyon danje ak pwen enpòtan pou kontwole yo (abreje HACCP ann anglè), Metòd Depatman Edikasyon an, Enspeksyon Depatman Sante Piblik nan rejyon Palm Beach la ak ServeSafe.
6. Dwe gen ansèyman fòmèl ak entèdisiplinè ki bay sou nitrisyon ak pou ankouraje nitrisyon, dapre objektif ak misyon ki nan referans prensip regleman sa a.
7. Anplis pou bay ak sèvi bon manje nourisan nan kafeterya yo, lekòl yo dwe ankouraje byennèt timoun yo atravè divès varyete chwa bon manje yo dwe mete aladispozisyon elèv yo lè gen lòt brevaj ak manje y ap sèvi sou lakou lekòl yo pandan jounen an (paegzanp machin otomatik ki vann manje yo, kontwa bivèt yo, alakat (a la carte), boutik elèv yo, fèt/selebrasyon yo oswa maraton pou ranmase lajan yo), dapre enfòmasyon sou sante ki bay nan Gid Dyestetik USDA pou Ameriken yo (nan [Dietary Guidelines](#)).
8. Lekòl yo dwe enkilke bon nosyon aktivite fizik siyifikatif ki konekte fòmasyon edikasyon fizik elèv yo ak lavi yo lè yo pa nan lekòl la; epi tout aktivite lekòl la ta dwe, nan nivo maksimòm sa posib, koresponn ak objektif byennèt ki detaye nan regleman sa a ak nan [Regleman 8.025](#) konsènan edikasyon fizik.
9. Sipèntandan an ap la pou fè sèten tout regleman sou byennèt aktivite fizik ak kondisyon nitrisyon Konsèy administrasyon an mande yo aplike kòm sadwa gras ak yon seri anplwaye l ap

delege pou sa. Konsa, Sipèentandan ap nome direktè/tris Sèvis manje nan lekòl yo, epi chak direktè/tris nan chak lekòl ap delege yon asistan direktè/tris ak/oswa yon chanpyon nan zafè byennèt pou sipèvize egzekisyon ak evalyasyon regleman sa a, yon fason pou fè sèten lekòl yo an Konfòmite ak sa lwa a mande.

10. Sipèentandan an oswa reprezantan li ap sèvi ak yon plan pou kontwole nivo egzekisyon regleman sa a, dapre jan sa detaye nan Misyon ak Objektif pou ankouraje byennèt ki fè pati referans n ap pale la a, epi y ap prepare yon rezime anyèl kòm rapò sou konfòmite atravè distri a anjeneral. Y ap prezante rapò anyèl sa a bay manb Konsèy Administrasyon Distri a ak distribye li bay tout komite sante lekòl yo, òganizasyon paran/pwofesè yo, direktè/tris lekòl yo ak pèsònèl sèvis sante lekòl yo nan distri a.
11. Anplis, Distri lekòl la dwe ankouraje pwomosyon bon sante ak byennèt chak grenn moun ki fè pati estaf anplwaye li atravè sansibilizasyon ak sipò li dwe mete pou ankouraje moun viv byen ak an bon sante.
12. Distri a sipòte ak ankouraje lide endepandans ak lib abit pèsònèl chak grenn moun.
13. Sipèentandan an dwe rekòmande pou revize regleman sa a si nesèsè ak devlope plan travay ki pou fasilite egzekisyon li. Misyon ak Objektif pou Pwomosyon Byennèt la (ki disponib sou entènèt la nan [Misyon ak Objektif pou Pwomosyon Byennèt](#)) fè pati referans n ap pale la kòm si nou te mansyone yo konplètman andetay.
14. Memorandòm nan ak kèlkeswa lòt fòm PBSB ki mansyone nan Misyon ak Objektif Distri a pou ankouraje byennèt ki fè pati referans n ap pale la a kòm pati regleman sa a ap disponib atravè Depatman Afè Piblik Distri lekòl la. Ou kab jwenn fòm PBSB yo nan [District's forms web site](#).

OTORITE LEGAL: Fla. Stat. §§ [1001.32\(2\)](#); [1001.41\(1\) & \(2\)](#); [1001.42\(26\)](#); [1001.43\(1\) & \(6\)](#)

LWA ANVIGÈ: Fla. Stat. §§ [1001.32\(2\)](#); [1001.41\(3\)](#); [1001.42\(8\) & \(16\)](#); [1003.453](#); [1003.455](#); [42 U. S. C. § 1751](#)

DOSYE ISTORIK: 31/5/2006; 9/7/2008 (kòm Regleman 1.11); 30/9/2009